



THE COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
EXECUTIVE OFFICE OF LABOR AND WORKFORCE DEVELOPMENT  
DEPARTMENT OF UNEMPLOYMENT ASSISTANCE

MAURA HEALEY  
GOVERNOR

KIM DRISCOLL  
LIEUTENANT GOVERNOR

LAUREN E. JONES  
SECRETARY

KATIE DISHNICA  
DIRECTOR

## **Kesyon yo poze souvan (FAQ) – Chanjman nan Kantite Semèn Maksimòm ki Otorize pou Benefis UI yo**

**K: Poukisa kantite semèn maksimòm ki otorize pou benefis pou nouvo reklamasyon chomaj yo bese soti nan 30 semèn rive nan 26 semèn?**

**R:** Tou dènyèman, mwayèn an pousantaj sou douz (12) mwa kantite moun ki p ap travay la nan tout zòn metwopolitèn ki mezire nan Massachusetts te atenn 5.1% oswa mwens. Manman-lwa sou Asirans Chomaj Massachusetts (Massachusetts Unemployment Insurance statute) la, G.L. c. 151A, §30(a), etabli ke si mwayèn an pousantaj sou douz (12) mwa kantite moun ki p ap travay la egal ak oswa pi ba pase 5.1% nan tout zòn metwopolitèn ki mezire yo, gen yon ajisteman otomatik k ap fè pa rapò ak peryòd benefis ki otorize a pou nouvo reklamasyon chomaj, soti nan 30 rive nan 26 semèn.

**K: Kilè chanjman an pral anplas?**

**R:** Chanjman sa a pral anplas pou tout reklamasyon yo prezante nan dat oswa aprè 2 jiyè 2023.

**K: Èske gen yon bagay mwen dwe fè?**

**R:** Non. Demandè yo ta dwe prezante reklamasyon yo epi ranpli sètifikasyon chak semèn nan UI Online, menmjan yo ta fè l nòmalmman.

**K: Kisa ki pral rive reklamasyon mwen an si mwen te soumèt li anvan 2 jiyè 2023?**

**R:** Se sèlman moun k ap soumèt nouvo reklamasyon yo nan dat oswa aprè 2 jiyè 2023 ki pral konsènen pa ajisteman peryòd kantite maksimòm semèn ki otorize 26 semèn la. Tout demandè yo ki te prezante nouvo reklamasyon anvan dat sa a pral kontinye benefisye peryòd kantite semèn maksimòm ki otorize 30 semèn la pandan tout dire reklamasyon yo.

**K: E si pousantaj chomaj la vin ogmante pandan reklamasyon mwen an?**

**R:** Daprè manman-lwa a, si pousantaj chomaj chak mwa a depase 5.1% nan nenpòt nan zòn metwopolitèn Massachusetts ki mezire yo, tout demandè yo, kèlkeswa dat yo te premye soumèt demann yo, gendwa elijib pou yon peryòd benefis maksimòm 30 semèn.

**K: Èske chanjman nan kantite semèn ki otorize yo bese montan lajan beenfis chak semèn mwen an?**

**R:** Manman-lwa a pa chanje fòmil matematik pou kalkile montan lajan benefis chak semèn la.